

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Naskah drama mangrupa salasihiji genré sastra modern lian ti prosa jeung puisi. Aya sawatara karya sastra hususna sastra modérn, boh carpon, boh novél boh naskah drama anu meunang nyadur tina karya séjén atawa biasa disebut karya saduran. Karya sastra dijieun tangtu miboga maksud jeung anu kudu ditepikeun ka nu macana, kitu ogé naskah drama.

Dina ieu panalungtikan struktur-sémiotik naskah drama *Meredong*, masalah nu dipedar nyaéta struktur dramana anu ngawengku téma, fakta carita, sarana sastra, jeung unsur drama, sarta unsur sémiotik (tanda) anu mangrupa ikon, indéks, jeung simbol. Dina ieu panalungtikan ogé dipedar tiori-tiori anu nyoko kana garapan tur dijieun tatapakan panalungtik dina enggoning nalungtik masalah anu bakal dianalisis sangkan teu méngpar tina rarancang anu geus dijieun leuwih tiheula. Panalungtik maké métode déskriptif analisis dina ngaanalisis objékna.

Hasil analisis ieu naskah bisa dicindekkeun: téma anu kapanggih dina naskah drama nyaéta téma kamanusaan anu ngamuat kahirupan jeung ajén luhung manusa, ogé jalma-jalma anu ngalakukeun pagawéan nirca; alur dina ieu naskah drama nyaéta alur mérélé; tokoh nu jadi palaku dina ieu naskah aya 12 palaku, nu kabagi jadi 6 palaku utama, 6 palaku tambahan; latar anu kapanggih dina ieu naskah drama aya 53, kabagi kana 3 kritéria: latar sosial aya 33 (63,4%), latar tempat aya 16 (30,8%), latar waktu aya 3 (5,8%); tina ieu naskah drama posisi pangarang ngagunakeun puseur implengan katilu (*third person*) gaya “manéhna”; dina ieu naskah drama kapanggih aya 38 gaya basa kiasan anu kabagi jadi sababaraha kritéria, nyaéta gaya basa ironi aya 2 (5,3%), gaya basa epitet aya 6 (15,8%), gaya basa hiperbola aya 6

(15,8%), gaya basa alegori aya 13 (34,2%), gaya basa simile aya 5 (13,2%), gaya basa litotes aya 1 (2,6%), gaya basa personifikasi aya 1 (2,6%).

Unsur-unsur drama dina ieu naskah dicindekkeun saperti kieu; kapanggih prolog dina ieu naskah anu nyaritakeun suasana jeung tempat lumangsungna carita; dialog dina ieu naskah drama aya 456 anu diucapkeun ku sakabéh palaku; ieu naskah teu diwangun ku babak; adegan dina ieu naskah aya 28 adegan anu kabagi kana adegan ngiket/suspense, adegan leutik, adegan hampang/hiburan, adegan beurat, adegan kacow jeung adegan wajib; wawancang kapanggih aya 76; teu kapanggih aya solilokui; aside nu kapanggih aya 1; dina ieu naskah ngandung epilog nu nunjukkeun kumaha ahir carita.

Sabada ditalungtik, unsur-unsur semiotik anu kapanggih dicindekkeun: anu kaasup tanda ikon aya 9 anu kabagi kana 3 kritéria, nyaéta ikon imagi, diagramatis, jeung métafora; tanda indéks aya 44 anu kabagi kana 6 kritéria; sedengkeun ikon simbol aya 36 jenis.

## 5.2 Saran

Aya sababaraha saran anu hayang ditepikeun dina ieu panalungtikan, nyaéta:

### 1) Saran ka parakritikus sastra jeung seniman téater di tatar Sunda

Lian ti carpon atawa sajak, naskah drama ogé perelu dikritisi, utamana unsur semiotik nu aya dina naskah drama, sabab naskah drama bisa leuwih kaharti mun tanda (sémiotik) bisa kaguar sacara optimal. Pikeun seniman téater di tatar Sunda, méméh magelarkeun hiji naskah drama, leuwih alusna upama naskah drama dipaluruh heula tanda-tandana (sémiotik) sangkan dina magelarkeunna leuwih optimal.

### 2) Para mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah (Sunda)

Upama mahasiswa rék néangan atawa ngama'naan karya sastra séjénna, dipiharep ngalarapkeun ulikan sémiotik sabab dina karya sastra loba pisan tanda-tanda nu kudu dipaluruhna. Hal ieu pikeun nyangking maksud sangkan kaguar sacara optimal.

3) Pikeun guru basa Sunda

Dina ngajarkeun maca drama di kelas, guru basa Sunda dipiharep sangkan bisa ngaguar naon maksud jeung tujuan dina naskah drama ngaliwatan tanda-tanda (sémiotik) sangkan siswa henteu bingung dina meragakeun drama tur apal kana eusi naskah drama nu dipintonkeun.

4) Pikeun bahan pangajaran

Sanajan ieu panalungtikan teu dipatalikeun jeung pangajaran, tapi dipiharep ieu skripsi bisa dijadikeun rujukan pikeun bahan pangajaran sastra di tingkat SMA jeung di tingkat paguron luhur.